


# *Lèt Jid la*



## ***PREMYE KOZE A***

Menm jan ak dezyèm lèt Pyè a, lèt Jid la sòti anba plim yon kretyen Jwif. Li pote repons pou yon pwoblèm kominote yo te genyen nan moman yo te ekri lèt sa a, bò lane 80-90 konsa. Gen kèk fo pwofesè ki te antre nan kominote yo, e ki mete lafwa kretyen yo an danje epi ki te gate anbyans reyinyon ak manje kretyen yo te konn fè (v. 12). Li pa di egzakteman ki erè fo pwofesè sa yo te preche. Men li di se moun ki vante tèt yo kòm moun espirityèl, men yo pa gen lespri (v. 19). Yo kite logèy ak libètinaj pran tèt yo (v. 4 ak 10). Akizasyon sa a mennen nou bò kote gwoup Jwif ki te mele ak yon filozofi grèk yo rele 1 «nostisis». Nan finisman premye syèk la konsa.

Moun ki ekri lèt sa a ekri l sou non Jid, frè Jak la yo rele «frè» Granmèt la (Jak 1,1 ; Travay 15,13). Sa vle di Jid se frè Granmèt la tou. Levanjil Mak la pale sou Jid, frè Jezi a (Mak 6,3). Men se pa li menm ki ekri lèt la. Men se setèn lotè lèt la fè pati kominote kretyen an ki genyen Jak, frè Jezi a, alatèt li. Li konnen lèt Jak la byen, epi li konnen lide Jwif yo t ap devlope nan epòk sa a tou.

Li pran Ansyen Testaman an kòm modèl epi li nonmen de liv apokrif Ansyen Testaman yo : «Monte Moyiz nan syèl la» ak «Apokalips Enòk la». De liv sa yo pa t antre nan lis liv Jwif yo te di se liv Lespri Sen an te fè ekri anba souf li.

### ***Men chapant lèt Jid la :***

Bonjou (vèsè 1-2)

Denonsyasyon kèk move aksyon kèk kretyen t ap fè (vèsè 3-4)

Avètisman sou chatiman Bondye (vèsè 5-16)

Se pou nou kenbe fèm nan lafwa (vèsè 17-23)

Konpliman pou Bondye (vèsè 24-25)

**Bonjou**

Jak 1:1

<sup>1</sup> Jid, sèvité Jezi Kri, frè Jak, pou moun Bondye Papa a rele, renmen e sere pou Jezi Kri : <sup>2</sup>kè sansib, kè poze ak renmen an kantite pou nou.

**Pran prekosyon ak mèt manti yo**

<sup>3</sup>Nou menm mwen renmen an, mwen te anvi ekri nou anpil sou delivrans nou genyen ansanm lan. Mwen vin fose ekri nou pou ankouraje nou batay pou lafwa yo te pase bay moun ki sen yo yon sèl fwa pou tout la. <sup>4</sup>Reyèlman vre, gen kèk moun ki fofile kò yo nan mitan nou. Depi lontan yo te make davans pou jijman sa a: se moun ki san respè pou Bondye nou an, yo fè favè Bondye nou an tounen vye dezòd, epi yo rejte Jezi Kri, sèl chèf ak Granmèt nou an.

Res  
14:35

<sup>5</sup>Mwen vle fè nou sonje, nou menm ki konnen tout bagay yon sèl fwa pou tout la, kouman Granmèt la, apre li fin sove pèp la sòti nan peyi Lejip, yon sèl fwa pou tout, nan yon dezyèm tan li disparèt moun ki pa t kwè yo. <sup>6</sup>Zanj yo menm ki pa t kenbe premye ran yo a, men ki te kite pwòp plas pa yo, li sere yo nan fènwa anba chenn ki la pou toutan an, pou jijman gwo jou a. <sup>7</sup>Se konsa tou pou Sodòm, Gomò ak lòt vil ki alantou yo, ki te lage kò yo nan vye dezòd, menm jan ak yo, epi ki t ap chèche gen rapò ak yon kò ki pa t menm ak kò pa yo: nan sibi pini-syon dife k ap dire toutan, yo sèvi egzanp.

Lèt sa a gen yon sèl chapit. Konsa yo abitye site I dapre vèsè yo sèlman. Menm jan tou dezyèm ak twazyèm lèt Jan an.

**3-4 :** Yo ekri lèt sa a pou yo avèti kominate yo sou danje ki genyen nan mitan yo. Gen kèk moun ki fo kretyen, ki te antre nan kominate yo, pou yo pran tèt kretyen yo epi fè yo swiv fo dok-trin, yo t ap preche yo. Yo chèche fè libète kretyen an tounen libètinaj, epi renmen an tounen yon fo rezon pou kretyen yo lage kò yo nan vye bagay. Li ta posib pou fo pwofesè sa yo, fè pati yon filozofi grèk yo te rele «nostisis». Filozofi sa a t ap preche nou sove atravè konesans nou,

<sup>8</sup>Malgre sa se menm jan tou moun sa yo, kòmsi yo nan rèv, sal kò yo, meprise otorite Granmèt la epi derespekte glwa yo. <sup>9</sup>Poutan Michèl, zanj anchèf la, nan plede ak dyab la, nan diskite sou kò Moyiz, li pa t pèmèt li jije l yon fason derespektan. Men li di : « Se

2Pyè 2:  
10-18

<sup>Dan</sup>  
<sup>10:13;</sup>  
<sup>Ap</sup>  
<sup>12:17</sup>

pou Granmèt la fè w fèmen bouch ou. »

<sup>10</sup>Moun sa yo menm, yon bò, yo derespekte sa yo pa konnen, yon lòt bò, tou sa yo konnen tankou bêt san lespri, se bagay sa yo k ap detwi yo.

<sup>11</sup>Malè pou yo! Se nan chemen Kayen yo t ap mache. Yo lage kò yo

nan erè Balararam lan, pou yo fè yon lajan. Lèfini yo peri nan fè rebèl tankou Kore. <sup>12</sup>Nan mitan fèt nou yo, moun sa yo se yon resif lanmè. Y ap fete ak nou san yo pa wont, y ap plen vant yo. Se nyaj san dlo, van ap pote, pyebwa san fwi nan sezon rekòt, ki mouri de fwa, ki dechouke. <sup>13</sup>Yo se lanm lanmè ki dechennen, k ap kimen lawont pwòp tèt yo, zetwal k ap flannen: se pou yo, yo te sere gwo fènwa ki la pou toutan an.

Zak  
14:5

<sup>14</sup>Se pou yo Enòk, ki te vin an setyèm apre Adan, te pale tankou pwofèt, lè l te di: «Men Granmèt la vini ak konbyen mil zanmi l, ki sen, <sup>15</sup>pou li fè jijman kont yo tout, pou li kondane tout moun poutèt zèv derespektan yo te fè, ak tout pawòl radiyès yo te pale, epi-tou, pou tout vye pawòl derespektan pechè ki san respè pou Bondye, yo te pale kont li a. » <sup>16</sup>Moun sa yo ap bougonnen, y ap plede plenyen sò yo. Se moun k ap mache dapre move santi-

epi konesans lan pa marye ak reyalite lavi a. Depi yo gen gwo konesans, yo kapab fè nenpòt ki vye bagay, paske konesans pa mache ak moral.

**5-16 :** Sou fo pwofesè sa yo nou te pale deja nan Dezyèm lèt Pyè a (2 Pyè 2).

**9 :** Nou jwenn Michèl nan liv Danyèl (10,13,21 ; 12,1) ak nan Apokalips 12,7. Men yo pale sou li sitou nan Liv apokrif Ansyen Kontra a. Non «Michèl» la vle di «Kilès ki tankou Bondye?» Michèl parèt nan Bib la tankou pi gwo zanj lan. Wòl li se defann kòz Bondye kont tout lènmi. Isit la se fo pwofesè yo l ap konbat.

man yo. Bouch yo pale pawòl grandi-zè, y ap flate moun pou avantaj pa yo.

### Ankourajman pou fidèl yo

<sup>17</sup> Men nou menm mwen renmen an, sonje sa Apot Granmèt nou Jezi Kri yo, te di nou depi davans. <sup>18</sup> Yo te di nou : « Nan dènye tan an pral gen moun ki konn pase moun nan betiz, k ap mache swiv vye anvi fè zak derespek-tan pou Bondye. » <sup>19</sup> Se yo menm k ap simen divizyon. Y ap viv tankou bét, yo pa gen lespri.

<sup>20</sup> Men nou menm mwen renmen an, mete fondasyon nou byen solid nan lafwa nou an ki sen anpil, antan n ap

lapriyè nan Lespri Sen an. <sup>21</sup> Kenbe nan renmen Bondye a, antan n ap tann kè sansib Granmèt nou Jezi Kri, pou lavi ki p ap janm fini an. <sup>22</sup> Gen pitye pou sila yo ki nan doutans, <sup>23</sup> sove lòt yo, fè yo sòti nan dife. Gen lòt toujou, gen pitye pou yo, men ak krentif, antan nou rayi ata rad kò yo sal la. <sup>24</sup> Pou Sila a ki gen pouwva kenbe nou pou nou pa bite, epi ki kapab fè nou kanpe anfas glwa li a san repwòch, nan kè kontan, <sup>25</sup> sèl Bondye, Sovè nou grasa Jezi Kri Granmèt nou an, pakèt glwa pou li, pisans ak otorite depi anvan toutan, ni kounye a, ni pou tou-tan yo. Amèn.

2Pyè  
3:14

---

**17-19** : Kretyen yo pa dwe sezi si gen fo pwo-fesè ki montre yo yon pakèt bagay ki pa sòti nan Levanjil Jezi Kri a ni nan lide Bondye, men nan sa ki sòti nan lide moun. Jezi menm ak Apot yo te gen tan anонse sa (Travay 20,29-30).

**20-23** : Pwogram sa a pou lavi kretyen toutbon se lafwa a, lapriyè, se pou youn ede lòt, mete

konfyans nou nan kè sansib Bondye Papa a, k ap padonnen nou nan Jezi Kri, epi k ap wete kò nou anba sa k ap chèche mennen nou nan yon che-men ki pa menm ak sa Jezi te montre nou.

**24-25** : Lèt la fini ak yon ochan pou l fè kom-pliman pou Bondye, kote li rekonèt bèlete, fòs ak pouwva Bondye genyen an.